Qabul qilindi: 10.12.2025 Chop etildi: 30.01.2026 UDK: 323.2:305-055.2(575.1)

# ӨЗБЕКСТАНДА ПУҚАРАЛЫҚ ЖӘМИЙЕТИ ҲӘМ ҲАЯЛ-ҚЫЗЛАРДЫҢ ИСКЕРЛИГИ: ТЕОРИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАР ҲӘМ АНАЛИЗ

***Байрыева Алмагүл Қурбановна, Қарақалпақ мәмлекетлик университети профессоры, сиясий илимлер докторы***



# O‘ZBEKISTONDA FUQAROLIK JAMIYATI VA AYOLLARNING FAOLLIGI: NAZARIY ASOSLAR VA TAHLIL

***Bayriyeva Almagul Qurbonovna, Qoraqalpoq davlat universiteti professori, siyosiy fanlar doktori***

***https://orcid.org/0009-0005-3289-4648***
***e-mail: Almagul68_68@.mail ru***

# CIVIL SOCIETY AND WOMEN'S ACTIVISM IN UZBEKISTAN: THEORETICAL FOUNDATIONS AND ANALYSIS

***Bayrieva Almagul Kurbanovna, Professor at Karakalpak State University, Doctor of Political Sciences***

# ГРАЖДАНСКОЕ ОБЩЕСТВО И АКТИВНОСТЬ ЖЕНЩИН В УЗБЕКИСТАНЕ: ТЕОРЕТИЧЕСКИЕ ОСНОВЫ И АНАЛИЗ

***Байрыева Алмагуль Курбановна, профессор Каракалпакского государственного университета, доктор политических наук***

***Аннотация:*** *Пуқаралық жәмийетте ҳаял-қызлар қатнасыўының әҳмийети, бәринен бурын, олардың инсан ҳуқықлары, гендер теңлик ҳәм жәмийетлик әдалат сыяқлы тийкарғы демократиялық қәдириятларды әмелге асырыўдағы роли менен белгиленеди. Олар жәмийетлик институтлар арқалы пуқаралық мәдениятын қәлиплестириў, халықтың ҳуқықый саўатлылығын арттырыў ҳәм мәмлекет-жәмийет қатнасықларын демократияластырыўға хызмет етеди.*

***Таяныш сөзлер:*** *ҳаял-қызлар, жәмийетлик нормалар, гендер теңлик, жәмийет, жәмийетлик әдалат, инсан ҳуқықлары, тең имканиятлар.*

***Annotatsiya:*** *Fuqarolik jamiyatida ayollar ishtirokining ahamiyati, avvalo, ularning inson huquqlari, gender tengligi va ijtimoiy adolat kabi asosiy demokratik qadriyatlarni amalga oshirishdagi roli bilan belgilanadi. Ayollar jamoat institutlari orqali fuqarolik madaniyatini shakllantirish, aholining huquqiy savodxonligini oshirish hamda davlat va jamiyat o‘rtasidagi munosabatlarni demokratlashtirishga xizmat qiladi.*

***Kalit so‘zlar:*** *ayollar, ijtimoiy normalar, gender tengligi, jamiyat, ijtimoiy adolat, inson huquqlari, teng imkoniyatlar.*

***Annotation:*** *The significance of women's participation in civil society is primarily determined by their role in implementing fundamental democratic values such as human rights, gender equality, and social justice. Through public institutions, women contribute to the formation of civic culture, enhance legal awareness among the population, and promote the democratization of relations between the state and society.*

***Keywords:*** *women, social norms, gender equality, society, social justice, human rights, equal opportunities.*

TAMADDUN NURI

***Аннотация:*** *Значение участия женщин в гражданском обществе прежде всего определяется их ролью в реализации таких базовых демократических ценностей, как права человека, гендерное равенство и социальная справедливость. Посредством общественных институтов женщины способствуют формированию гражданской культуры, повышению правовой грамотности населения и демократизации взаимоотношений между государством и обществом.*

***Ключевые слова:*** *женщины, социальные нормы, гендерное равенство, общество, социальная справедливость, права человека, равные возможности.*

**Кирисиў.** Пуқаралық жәмийет заманагөй демократиялық мәмлекетшиликтиң тийкарғы институционаллық тийкарларынан бири есапланып, ол пуқаралардың еркин пикир билдириўи, жәмийетлик басламаларды алға сүриўи ҳәм мәмлекетти басқарыў процесслеринде нызамлы қатнасыўын тәмийинлейтуғын жәмийетлик-сиясий механизмлер системасын аңлатады. Пуқаралық жәмийеттиң турақлы ҳәм нәтийжели жумысы жәмийетте ҳуқықый сана, сиясий мәденият ҳәм жәмийетлик жуўапкершилик дәрежеси менен тығыз байланыслы болып, бул процессте ҳаял-қызлардың белсенди қатнасыўы шешиўши әҳмийетке ийе.

Белгили алым Қ.Жўраев, «пуқаралық жәмийет – бул мәмлекет ҳәм шахс арасындағы өз-ара қатнасықларды теңлестириўши майдан болып, онда жәмийеттиң барлық қатламлары, соның ишинде, ҳаял-қызлардың белсенди қатнасыўы демократиялық раўажланыўдың тийкарғы шәрти есапланады» [1] ,-деген пикирлерин билдиреди. Бул пикир пуқаралық жәмийеттиң инклюзив характерин ашып береди ҳәм ҳаял-қызлардың жәмийетлик-сиясий турмыста қатнасыўысыз бул система толық қәлиплеспейтуғынын илимий жақтан тийкарлайды.

Ҳаял-қызлар жәмийетлик нормалар, гендер теңлик принциплери ҳәм нызам үстинлиги тийкарында жәмийет турмысында белсене қатнасыў арқалы жәмийетлик трансформация процесслеринде әҳмийетли субъект сыпатында сәўлеленеди. Олар мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, мәҳәлле институты, жәмийетлик кеңеслер ҳәм түрли пуқаралық басламалар арқалы жәмийетлик әдалат, инсан ҳуқықлары ҳәм тең имканиятлар идеяларын турмысқа енгизиўде белсене қатнасады.

**ӘДЕБИЯТЛАР АНАЛИЗИ.** Юрист алым А.Саидов өзиниң пуқаралық жәмийетке бағышланған мийнетинде былай атап өтеди: «гендер теңликти тәмийинлеместен турып, пуқаралық жәмийетти толық раўажландырыў мүмкин емес, себеби жәмийет халқының ярымынан көбин қурайтуғын ҳаял-қызлардың белсендилиги шекленген жағдайда демократиялық институтлар нәтийжели ислемейди» [2] . Бул пикир гендер қатнасықларының пуқаралық жәмийеттиң раўажланыўындағы стратегиялық әҳмийетин ашып береди.

Пуқаралық жәмийетте ҳаял-қызлар қатнасыўының әҳмийети, бәринен бурын, олардың инсан ҳуқықлары, гендер теңлик ҳәм жәмийетлик әдалат сыяқлы тийкарғы демократиялық қәдириятларды әмелге асырыўдағы роли менен белгиленеди. Олар жәмийетлик институтлар арқалы пуқаралық мәдениятын қәлиплестириў, халықтың ҳуқықый саўатлылығын арттырыў ҳәм мәмлекет-жәмийет қатнасықларын демократияластырыўға хызмет етеди.

**АНАЛИЗ ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛЕР.** Усылайынша, гендер теңликти тәмийинлеў ҳәм ҳаял-қызлардың пуқаралық жәмийетиндеги белсенди қатнасыўын хошаметлеў жәмийетте демократиялық институтларды беккемлеў,

---

[1] Жўраев Қ. Фуқаролик жамияти назарияси ва унинг Ўзбекистонда ривожланиш хусусиятлари. — Т.: «Fan va texnologiya», 2022. —Б. 240.

[2] Саидов А.Х. Фуқаролик жамияти ва гендер тенглик масалалари. — Т.: «Adolat», 2021. —Б.180

TAMADDUN NURI

жәмийетлик турақлылықты тәмийинлеў ҳәм ҳуқықый мәмлекет қурыўдың әҳмийетли шәрти болып есапланады. Өзбекстан шараятында да бул теориялық көз-карaслар мәмлекетлик сиясат ҳәм пуқаралық жәмийет институтларының жумысында әмелий мазмунға ийе болмақта.

Өзбекстан Республикасында ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў, олардың ҳуқықлары менен мәплерин қорғаў ҳәм гендер теңликти тәмийинлеў мәселеси мәмлекетлик сиясаттың әҳмийетли бағдарларының бири сыпатында белгилеп алынған. Әсиресе, соңғы жылларда әмелге асырылып атырған реформалар шеңберинде гендер мәселелерине комплексли ҳәм системалы жантасыў қәлиплести. Бул болса ҳаял-қызлардың пуқаралық жәмийети институтларындағы қатнасыўын ҳәм жәмийетлик белсендилигин арттырыў ушын ҳуқықый ҳәм институционаллық тийкар жаратты.

Бул бағдардағы әҳмийетли қәдемлерден бири сыпатында 2021-жылы қабыл етилген «2030-жылға шекем Өзбекстан Республикасында гендер теңликке ерисиў стратегиясы»н айрықша атап өтиў керек. Бул стратегия мәмлекетте гендер теңликти тәмийинлеўдиң узақ мүддетли мақсет ҳәм ўазыйпаларын белгилеп, ҳаял-қызлардың сиясий, экономикалық, жәмийетлик ҳәм мәдений турмыста қатнасыўын кеңейтиўди нәзерде тутады [3]. Стратегияда мәмлекетлик басқарыў уйымлары, пуқаралық жәмийети институтлары ҳәм мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң өз-ара бирге ислесиўине айрықша дыққат қаратылғаны оның институционаллық әҳмийетин арттырады.

Гендер сиясатының ҳуқықый тийкарлары «Ҳаял-қызлар ҳәм ер адамлар ушын тең ҳуқық ҳәм имканиятлар кепилликлери ҳаққында»ғы Нызам, Шаңарақ кодекси, Мийнет кодекси ҳәм бир қатар нызам асты ҳүжжетлер арқалы беккемленген. Бул нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер ҳаял-қызларды дискриминациядан қорғаў, мийнет ҳәм билимлендириў тараўларында тең имканиятларға ийе болыўы, сондай-ақ, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик басқарыўда қатнасыў ҳуқықларын тәмийинлеўге қаратылған.

Институционаллық жақтан болса, Ҳаял-қызлар комитети (кейин ала – Шаңарақ ҳәм ҳаял-қызлар комитети), мәҳәллелерде ҳаял-қызлар менен ислесиў системасы, гендер мәселелери бойынша парламент комиссиялары ҳәм жәмийетлик кеңеслердиң жумысы гендер сиясатының әмелий орынланыўын тәмийинлеўши әҳмийетли дүзилислер болып есапланады. Бул институтлар ҳаял-қызлардың жәмийетлик белсендилигин арттырыў, оларды пуқаралық басламаларға тартыў ҳәм жәмийетлик қадағалаў механизмлерин күшейтиўге хызмет етпекте.

Өзбекстанлы алым Н.Юсупованың пикиринше, «гендер сиясатының институционаллық системасы қаншелли нәтийжели қәлиплестирилсе, пуқаралық жәмийетинде ҳаял-қызлардың қатнасыў дәрежеси соншелли жоқары болады» [4]. Бул пикир гендер теңлик ҳәм пуқаралық жәмийети арасындағы өз-ара байланысты илимий жақтан тийкарлайды.

Соңғы жылларда Өзбекстанда ҳаял-қызлардың сиясий қатнасыў дәрежеси сезилерли дәрежеде өсти. Бул, бәринен бурын, Өзбекстан Республикасы Олий Мажилиси палаталары, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм халық ўәкиллери жергиликли кеңеслеринде ҳаял-қызлардың үлеси артқаны менен көринеди. Ҳаял-қызлардың нызам шығарыўшы ҳәм ўәкиллик органларында қатнасыўы пуқаралық жәмийеттиң сиясий институционаллық тийкарларын беккемлеўге хызмет етеди, себеби олар жәмийеттеги ҳәр қыйлы жәмийетлик топарлардың мәплерин билдириўде әҳмийетли роль атқарады.

Өзбекстанлы илимпаз Ш.Рахматуллаев, «ҳаял-қызлардың сиясий қарар қабыл етиў процесслеринде қатнасыўы пуқаралық жәмийетинде инклюзивликти тәмийинлейди ҳәм сиясий мәдениятты демократиялық мазмун

[3] Ўзбекистон Республикаси Президенти. 2030 йилга қадар Ўзбекистон Республикасида гендер тенгликка эришиш стратегияси. — Т.: 2021. —Б 5–20.

[4] Юсупова Н. Хотин-қизлар фаоллиги ва фуқаролик жамияти институтлари. — Т.: 2023. —Б. 88

менен байытады»,-деген пикирлерин баянлайды[5]. Бул пикир ҳаял-қызлар сиясий белсендилигиниң пуқаралық жәмийет ушын стратегиялық әҳмийетке ийе екенлигин илимий жақтан тийкарлайды.

Мәмлекетлик ҳәм жергиликли басқарыў органларында, сондай-ақ, сиясий партиялар жумысында гендер теңликти тәмийинлеўге қаратылған бир қатар институционаллық илажлар әмелге асырылмақта. Соның ишинде, кадрлар таярлаў системасында ҳаял-қызлардың басшылық потенциалын раўажландырыў, оларды сиясий процесслерге тартыў ҳәм сайлаў процесслеринде қатнасыўын хошаметлеў сыяқлы механизмлер енгизилмекте. Бул болса пуқаралық жәмийетинде сиясий қатнасыў мәдениятының раўажланыўына оң тәсир көрсетпекте.

Ҳаял-қызлардың пуқаралық жәмийетиндеги қатнасыўы жәмийетлик ҳәм экономикалық тараўларда да айқын көзге тасланбақта. Әсиресе, исбилерменлик, киши бизнес ҳәм хызмет көрсетиў тараўларында ҳаял-қызлардың белсендилиги артып бармақта. Бул болса олардың экономикалық ғәрезсизлигин тәмийинлеў менен бирге, жәмийетте жәмийетлик турақлылық ҳәм абаданлықты арттырыўға хызмет етеди. Ҳаял-қызлардың экономикалық белсендилиги олардың жәмийетлик абырайын арттырады ҳәм пуқаралық басламаларда қатнасыў мүмкиншиликлерин кеңейтеди. Бул жағдай ҳаял-қызлардың экономикалық ғәрезсизлиги менен пуқаралық жәмийеттеги белсендилиги арасында тығыз байланыс бар екенлигин көрсетеди. Усы мәнисте, ҳаял-қызлардың жәмийетлик ҳәм экономикалық жумысы арқалы қабылететуғын қарарлары тек ғана жеке ямаса шаңарақлық дәрежеде емес, ал жәмийет раўажланыўы көзқарасынан да үлкен әҳмийетке ийе. Олар мийнет базарында, исбилерменлик тараўында ҳәм жәмийетлик шөлкемлерде белсене қатнасыў арқалы жәмийетлик раўажланыў процесслерине тиккелей тәсир көрсетпекте.

Ҳаял-қызлардың пуқаралық жәмийетиндеги қатнасыўы мәселеси соңғы жылларда илимий изертлеўлердиң әҳмийетли бағдарларынан бирине айланды. Жәҳән ҳәм регионаллық изертлеўлерде бул мәселе гендер теңлик, инсан ҳуқықлары, жәмийетлик әдиллик ҳәм турақлы раўажланыў концепциялары менен тығыз байланыслы ҳалда талқыланбақта. Илимпазлар ҳаял-қызлардың жәмийетлик, сиясий ҳәм экономикалық процесслерде белсене қатнасыўы пуқаралық жәмийетиниң сапа тәрепинен раўажланыўына хызмет етиўин илимий тийкарлап бермекте.

Атап айтқанда, «Орайлық Азияда гендер ҳәм билимлендириў мәселелери» (2025) атлы китабының кирисиў бөлиминде гендер теңлик пуқаралық жәмийетиниң жәмийетлик, сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўында шешиўши фактор сыпатында талқыланады. Автордың атап өткениндей, «гендер теңликти тәмийинлеў — пуқаралық жәмийетиниң жәмийетлик, сиясий ҳәм экономикалық мийрасы болып, ҳаял-қызлардың билим алыўы ҳәм екинши мийнет базарында қатнасыўы усы процесстиң нәтийжелилигин арттырады»[6]. Бул пикир ҳаял-қызлардың билимлендириў ҳәм мийнет базарындағы қатнасыўы арқалы пуқаралық жәмийети институционаллық потенциалын арттырыў мүмкин екенлигин илимий жақтан тийкарлайды.

Илимий изертлеўлерде ҳаял-қызлар қатнасыўы жәмийетте жәмийетлик трансформацияны тезлестириўши фактор сыпатында баҳаланады. Себеби ҳаял-қызлардың билимлендириў дәрежесиниң артыўы, экономикалық ғәрезсизликке ерисиўи ҳәм пуқаралық басламаларда қатнасыўы жәмийетлик әдиллик ҳәм тең имканиятлар принциплериниң әмелий көринисин тәмийинлейди. Бул болса өз гезегинде

[5] Рахматуллаев Ш. Ўзбекистонда сиёсий модернизация ва фуқаролик жамияти. — Т.: 2022.-Б.41

[6] Kuzhabekova A. Situating Gender and Education in Central Asia. — Cham: Springer, 2025.-P.35

жәмийетте демократиялық қәдириятлардың беккемлениўине алып келеди.

Өзбекстанлы алым Р.Холиқова өз изертлеўлеринде былай атап өтеди: «пуқаралық жәмийетинде ҳаял-қызлар қатнасыўы кеңейген сайын жәмийетлик қадағалаў, жәмийетлик

Сондай-ақ, илимий әдебиятларда гендер теңлик ҳәм жәмийетлик әдиллик арасындағы өз-ара байланыслылық та айрықша атап өтиледи. Ҳаял-қызлар пуқаралық жәмийети институтларында
жуўапкершилик ҳәм ҳуқықый мәдeният дәрежеси артады»[7]. Бул пикир ҳаял-қызлар белсендилигиниң пуқаралық жәмийетинде сапа өзгерислерин жүзеге келтириўин көрсетеди.
белсене қатнасқан жағдайда, жәмийетте кемситиў жағдайлары қысқарады, жәмийетлик интеграция күшейеди ҳәм инсан ҳуқықларын қорғаў механизмлери нәтийжели ислей баслайды. Бул болса пуқаралық жәмийетиниң турақлы раўажланыўына хызмет етеди. Солай етип, илимий изертлеўлер ҳаял-қызлардың пуқаралық жәмийетиндеги қатнасыўы жәмийет раўажланыўына трансформациялық тәсир көрсететуғынын анық дәлиллер менен тастыйықлайды. Гендер теңликти тәмийинлеўге қаратылған билимлендириў, экономикалық ҳәм жәмийетлик сиясат пуқаралық жәмийетиниң сапа жағынан жаңа басқышқа көтерилиўине тийкар жаратады.

2030-жылға шекем гендер теңликке ерисиў стратегиясы ҳәм оны қоллап-қуўатлаўшы ҳуқықый-институционаллық механизмлер Өзбекстанда гендер сиясатының беккем тийкарын жаратты. Бул болса ҳаял-қызлардың пуқаралық жәмийети институтлары менен бирге ислесиўин кеңейтиў, олардың жәмийетлик-сиясий белсендилигин арттырыў ҳәм демократиялық процесслерде толық қатнасыўын тәмийинлеўге хызмет етпекте.

**ЖУЎМАҚ.** Жуўмақлап айтқанда, Өзбекстанда пуқаралық жәмийетин қәлиплестириўде ҳаял-қызлардың роли стратегиялық әҳмийетке ийе ҳәм көп қырлы болып есапланады. Гендер теңликке қаратылған мәмлекетлик стратегиялар, ҳуқықый ҳәм институционаллық механизмлер ҳаял-қызлардың жәмийетлик, экономикалық ҳәм сиясий тараўларда белсене қатнасыўын нәтийжели қоллап-қуўатламақта. Илимий изертлеўлер ҳәм академиялық басылымлар соны көрсетеди, ҳаял-қызлардың белсендилиги пуқаралық жәмийетиниң раўажланыўына туўрыдан-туўры унамлы тәсир көрсетеди ҳәм бул тараўдағы перспективалар шексиз.

Қалаберсе, жәмийеттиң барлық басқышларында ҳаял-қызлардың қатнасын кеңейтиў, олардың қәбилетин раўажландырыў ҳәм жәмийетлик имканиятлардан толық пайдаланыўын тәмийинлеў арқалы Өзбекстанда пуқаралық жәмийети және де турақлы ҳәм демократиялық түрде раўажланыўы мүмкин. Бул болса тек ғана ҳаял-қызлар емес, ал пүткил жәмийет ушын жәмийетлик ҳәм экономикалық абаданлықты тәмийинлейди.

**Пайдаланған әдебиятлар:**


1. Жўраев Қ. Фуқаролик жамияти назарияси ва унинг Ўзбекистонда ривожланиш хусусиятлари. — Тошкент: «Fan va texnologiya», 2022.
2. Kuzhabekova A. Situating Gender and Education in Central Asia. — Cham: Springer, 2025.
3. Рахматуллаев Ш. Ўзбекистонда сиёсий модернизация ва фуқаролик жамияти.— Т.:2022.

   Саидов А.Х. Фуқаролик жамияти ва гендер тенглик масалалари. — Т.: Adolat, 2021.
4. Ўзбекистон Республикаси Президенти. 2030 йилга қадар Ўзбекистон Республикасида гендер тенгликка эришиш стратегияси. — Т. 2021.
5. Холиқова Р. Гендер тенглик ва фуқаролик жамияти ривожи. — Т.: 2023.
6. Юсупова Н. Хотин-қизлар фаоллиги ва фуқаролик жамияти институтлари. — Т.: 2023.


---

[7] Холиқова Р. Гендер тенглик ва фуқаролик жамияти ривожи. — Т.: 2023.-Б.28

TAMADDUN NURI